# III. AWIL, TOǴAY HÁM BALIQSHILIQ XOJALIǴI

## 2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasınıń awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha, 2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında jetistirilgen awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónimleri (kórsetilgen xızmetler)niń ulıwma kólemi 3727,7 mlrd. sumdı yamasa 2021 jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 103,3 % ti, sonnan, diyxanshılıq hám sharwashılıq, ańshılıq hám bul tarawlarda kórsetilgen xızmetler kólemi 3451,6 mlrd. sumdı (103,4 %), toǵay xojalıqlarında 193,1 mlrd. sumdı (102,2 %), balıqshılıq xojalıqlarında 83,0 mlrd. sumdı (100,5 %) quradı. Respublika awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı quramında Qaraqalpaqstan Respublikasınıń úlesi 2,8 % ti quradı.




**3 727,7 mlrd. sum**

01


**3 451,6 mlrd. sum** — **Diyxanshılıq hám sharwashılıq, ańshılıq hám bul tarawdaǵı kórsetilgen xızmetler**

02


**193,1 mlrd. sum** — **Toǵay xojalıǵı**

03


**83,0 mlrd. sum** — **Balıqshılıq xojalıǵı**

**Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)ler kóleminiń ósim páti (% te)**




**Qala hám rayonlar kesiminde awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)leriniń kólemi,** *mlrd. sum*




2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında, qala hám rayonlar kesiminde awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xizmet)leriniń eń joqarı kólemi Ámiwdárya (619,2 mlrd. sum) hám Tórtkúl (472,0 mlrd. sum) rayonlarında. Kerisinshe kem kólemge iye aymaqlarǵa Moynaq (46,2 mlrd. sum) rayonı hám Nókis qalasın (22,0 mlrd. sum) keltirip ótiw múmkin.

**Awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw kóleminiń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi**
*(jámine salıstırǵanda protsentte)*

**Jıyın-terim.** 2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen 115,0 mıń tonna dán eginleri jetistirildi.

Bunnan tısqarı, barlıq túrdegi xojalıqlarda 27,6 mıń tonna kartoshka, (2021 jılǵa salıstırǵanda 2,7 % ke kóp), 48,1 mıń tonna ovosh (3,5 % ke kóp), jıynap alındı, 6,8 mıń tonna palız eginleri (3,6 % ke kóp), 10,4 mıń tonna miyweler (3,2 % ke kóp) hám 0,3 mıń tonna júzim (14,8 % ke kóp) jetistirildi.

**2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında xojalıqlar kategoriyaları boyınsha tiykarǵı túrdegi diyqanshılıq ónimlerin jetistiriw**

| | Fermer xojalıqları | | Diyxan (xalıqtıń qıytaq jeri) xojalıqları | | Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | *tonna* | *ósim páti, % te* | *tonna* | *ósim páti, % te* | *tonna* | *ósim páti, % te* |
| Dán jámi | 91 147,0 | 109,4 | 19 569,0 | 99,2 | 4 334,0 | 160,6 |
| Kartoshka | 6 632,0 | 107,9 | 20 795,0 | 101,1 | 202,0 | 105,8 |
| Ovosh | 12 499,0 | 103,8 | 32 729,0 | 102,3 | 2 896,0 | 117,3 |
| Palız eginleri | 3 163,0 | 103,9 | 3 555,0 | 102,9 | 95,0 | 123,4 |
| Miyweler | 3 322,0 | 102,7 | 6 681,0 | 103,5 | 429,0 | 101,7 |
| Júzim | 110,0 | 102,6 | 160,0 | 105,3 | 46,0 | 287,5 |



## Diyxanshılıq

2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında jetistirilgen diyxanshılıq ónimleriniń kólemi 1152,0 mlrd. sumdı yaki 2021 jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda 103,8 % ti quradı. Jetistirilgen awıl xojalıǵı ónimleriniń ulıwma kóleminde diyxanshılıq ónimleriniń úlesi 33,6 % ti quradı.

### Dánli eginler

***Jetistirilgen ónimniń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi,** % te*




**Kólemi,** *mıń tonna*




**Ósim páti,** *% te*




**Fermer xojalıqları**

**Diyxan (jeke járdemshi) xojalıqları**

**Awıl xojalıǵı xızmetin ámelge asırıwshı shólkemler**

## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha dánli eginler jetistiriw kólemi, *tonna.*



## Ovosh

**Kólemi,** *mıń tonna*




**Ósim páti,** *% te*




***Jetistirilgen ónimnıń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi, % te***




2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen 48,1 mıń tonna ovosh (2021 jıldıń yanvar–iyunına salıstırǵanda 3,5 % ke kóp) jetistirildi. Ovosh jetistiriw kórsetkishleri xojalıqlar túrleri boyınsha analizlengende, bul tarawdaǵı ulıwma kólemniń 68,0 % ti diyxan (jeke járdemshi) xojalıqlarına tuwrı keliwin kórsetpekte.

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha**
**Ovosh jetistiriw kólemi,** *tonna*



## Kartoshka

**Kólemi,** *mıń tonna*




**Ósim páti,** *% te*




***Jetistirilgen ónimning xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi,** % te*




2022 jıldıń yanvar-iyun aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen 27,6 mıń tonna kartoshka (2021 jıldıń yanvar–iyunına salıstırǵanda 2,7 % ke kóp) jetistirildi. Kartoshka ónimin jetistiriw kórsetkishlerin xojalıqlar túrleri boyınsha analiz etkende, kartoshka ónimi ulıwma kóleminiń 75,3 % diyxan (xalıqtıń qıytaq jeri) xojalıqlarına tuwrı keliwin kóriwimizge boladı.

**Fermer xojalıqları** **Diyxan (jeke járdemshi) xojalıqları** **Awıl xojalıǵı xızmetin ámelge asırıwshı shólkemler**

## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha kartoshka jetistiriw kólemi, *tonna*



## Palız

**Kólemi,** *mıń tonna*




**Ósim páti,** *% te*




***Jetistirilgen ónimnıń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi,*** *% te*




2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen 6,8 mıń tonna palız ónimleri (2021-jıldıń yanvar–iyunına salıstırǵanda 3,6 % ke kóp) jetistirildi. Palız ónimlerin jetistiriw kórsetkishlerin xojalıq túrleri boyınsha analizlegenimizde, jámi palız ónimleri kóleminen 52,2 % diyxan (xalıqtıń qıytaq jeri) xojalıqlarına tuwrı keliwin kóriwimizge boladı.

**Fermer xojalıqları** **Diyxan (jeke járdemshi) xojalıqlari** **Awıl xojalıǵı xızmetin ámelge asırıwshı shólkemler**

## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha palız jetistiriw kólemi, *tonna*



## Miywe ónimleri

**Kólemi,** *mıń tonna*




**Ósim páti,** *% te*




***Jetistirilgen ónimniń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi, % te***




2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen 10,4 mıń tonna miyweler (2021-jıldıń yanvar- iyunına salıstırǵanda 3,2 % ke kóp) jetistirildi. Miywe jetistiriw kórsetkishlerin xojalıq túrleri boyınsha analizlegenimizde, jámi miywe ónimi kóleminen 64,0 % diyxan (xalıqtıń qıytaq jeri) xojalıqları esesine tuwrı keledi.

## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha
## Miyweler jetistiriw kólemi, *tonna*



## Júzim

**Kólemi,** *tonna*




**Ósim páti,** *% te*




***Jetistirilgen ónimniń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi, % te***




2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen 316 tonna júzim (2021-jıldıń yanvar–iyunına salıstırǵanda 14,8 % ke kóp) jetistirildi. Júzim ónimin jetistiriw kórsetkishlerin xojalıq túrleri boyınsha analizlegenimizde, jámi júzim ónimi kólemi 50,6 % diyxan (xalıqtıń qıytaq jeri) xojalıqları esesine tuwrı keliwin kóriwimizge boladı.

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha júzim jetistiriw kólemi,** *tonna*





## Sharwashılıq

2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında sharwashılıq ónimlerin jetistiriw kólemi 2277,0 mlrd. sumdı yaki 2021-jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda 103,3 % ti quradı. Jetistirilgen awıl xojalıǵı ónimleriniń jámi kóleminde sharwashılıq ónimleriniń úlesi 66,4 % boldı.

Sharwashılıq tarawınıń ishki imkaniyatların keńeytiw boyınsha is-ilájlardıń úzliksiz ámelge asırılıp atırǵanlıǵı, sonday-aq, olarǵa mámleket tárepinen sistemalı járdem kórsetilip atırǵanlıǵı sharwa malları bas sanınıń kóbeyiwine, ishki tutınıw bazarların sharwashılıq ónimleri menen toltırıwǵa imkan jarattı.

2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen tiri salmaqta 41,4 mıń tonna gósh (2021-jıldıń yanvar–iyunına salıstırǵanda 3,0 % ke kóp), 135,5 mıń tonna sút (2,5 % ke kóp), 179,6 mln. dana máyek (3,3 % kóp) jetistirilgen hám 3650,8 tonna balıq (0,1 % ke kóp) awlandı.



**<u>Gósh (tiri salmaqta)</u>**

**Kólemi,** *mıń tonna*




**Ósim páti,** *% te*




***Jetistirilgen ónimniń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi, % te***




2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen tiri salmaqta 41,4 mıń tonna gósh (2021-jıldıń yanvar–iyunına salıstırǵanda 3,0 % ke kóp) islep shıǵarıldı. Gósh jetistiriw kórsetkishleri xojalıq túrleri boyınsha analizlengende, jámi gósh islep shıǵarıw kóleminiń 93,7 % ti diyxan (jeke járdemshi) xojalıqları esesine tuwrı keliwin kóriwimizge boladı.

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha**
**gósh (tiri salmaqta) jetistiriw kólemi** *tonna*



## Sút

**Kólemi,** *mıń tonna*




**Ósim páti,** *% te*




***Jetistirilgen ónimniń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi,** % te*




2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen 135,5 mıń tonna sút (2021-jıldıń yanvar–iyunına salıstırǵanda 2,5 % ke kóp) jetistirildi. Sút jetistiriw kórsetkishlerin xojalıq túrleri boyınsha analizlengende, jámi sút jetistiriw kóleminen 87,7 % ti diyxan (jeke járdemshi) xojalıqları esesine tuwrı keliwin kóriwimiz múmkin.

**Fermer xojalıqları** **Diyxan (jeke járdemshi) xojalıqları** **Awıl xojalıǵı xızmetin ámelge asırıwshı kárxanalar**

## Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha sút jetistiriw kólemi, *tonna*



## Máyek

**Kólemi,** *mln. dana*




**Ósim páti,** *% te*




***Jetistirilgen ónimniń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi, % te***




2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen 179,6 mln. dana máyek (2021-jıldıń yanvar–iyunına salıstırǵanda 3,3 % ke kóp) jetistirildi. Máyek jetistiriw kórsetkishleri xojalıq túrleri boyınsha analizlegenimizde, jámi máyek jetistiriw kóleminiń 85,9 % ti diyxan (jeke járdemshi) xojalıqları esesine tuwrı keldi.

**Fermer xojalıqları** **Diyxan (jeke járdemshi) xojalıqları** **Awıl xojalıǵı xızmetin ámelge asırıwshı kárxanalar**

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha máyek jetistiriw kólemi,** *mıń dana*



## Balıq

**Kólemi,** *tonna*




**Ósim páti % te**




***Jetistirilgen ónimniń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi % te***




2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen 3650,8 tonna (2021-jıldıń yanvar–iyunına salıstırǵanda 0,1 % ke kóp) balıq awlandı. Awlanǵan balıqlar xojalıq túrleri boyınsha analizlengende, jámi awlanǵan balıq kóleminen 43,3 % ti awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar esesine tuwrı keliwin kóriwge boladı.

**Fermer xojalıqları** · **Diyxan (jeke járdemshi) xojalıqları** · **Awıl xojalıǵı xızmetin ámelge asırıwshı kárxanalar**

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha awlanǵan balıq kólemi,** *tonna*



## Sharwa malları hám quslar bas sanı




2022-jıldıń 1-iyul jaǵdayına, iri shaqlı qaramallar bas sanı haqqındaǵı maǵlıwmatlardı xojalıq boyınsha analiz qılar ekenbiz, iri shaqlı qaramallardıń 5,8 % ti fermer xojalıqları úlesine, 93,1 % ti diyxan (jeke járdemshi) xojalıqlarına, 1,1 % ti awıl xojalıǵı xızmetin ámelge asırıwshı kárxanalarǵa tuwra keliwin atap ótiw lazım, usıǵan sáykes túrde qoy hám eshkilerdiń ulıwma sanınan 13,0 % ti fermer xojalıqlarına, 84,8 % i diyxan (jeke járdemshi) xojalıqlarına, 2,2 % ti awıl xojalıǵı xızmetin ámelge asırıwshı kárxanalarǵa tuwra keledi, jılqılar ulıwma sanınan 25,6 % ti fermer xojalıqlarına, 71,5 % ti diyxan (jeke járdemshi) xojalıqlarına, 2,9 % ti awıl xojalıǵı xızmetin ámelge asırıwshı kárxanalarǵa tuwra keledi, sonday-aq, quslar (tawıqlar) ulıwma sanınan 7,7 % ti fermer xojalıqlarına, 84,9 % ti diyxan (jeke járdemshi) xojalıqlarına, 7,4 % ti awıl xojalıǵı xızmetin ámelge asırıwshi kárxanalarǵa tuwra keledi.

## Iri shaqlı qaramallar

**Sanı, *mıń bas***




**Ósim páti % te**




***Bas sanınıń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi % te***




**Fermer xojalıqları** **Diyxan (jeke járdemshi) xojalıqları** **Awıl, xojalıǵı xızmetin ámelge asırıwshı kárxanalar**

2022-jıldıń 1-iyul jaǵdayına, barlıq túrlerdegi xojalıqlarda iri shaqlı qaramallardıń ulıwma sanı 1169,1 mıń basqa jetti. Iri shaqlı qaramallar bas sanı 2021-jıldıń 1-iyul jaǵdayına salıstırǵanda 31,8 mıń basqa (2,8 %) kóbeydi. Iri shaqlı qaramallar bas sanınıń 93,1 % ti diyxan (jeke járdemshi) xojalıqlarına tuwrı keledi.

### Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha iri shaqlı qaramallardıń bas sanı, *bas*



## Sıyırlar

**Sanı, *mıń bas***




**Ósim páti % te**




***Bas sanınıń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi % te***




2022-jıldıń 1-iyul jaǵdayına, barlıq túrdegi xojalıqlarda sıyırlardıń ulıwma bas sanı 340,2 mıń basqa jetti. Sıyırlardıń bas sanı 2021-jıldıń 1-iyul jaǵdayına salıstırǵanda 9,4 mıń basqa (2,8 %) kóbeydi. Sıyırlardıń bas sanı 91,2 % ti diyxan (jeke járdemshi) xojalıqlarına tuwrı keledi.

**Fermer xojalıqları** **Diyxan (jeke járemshi) xojalıqları** **Awıl, xojalıǵı xızmetin ámelge asırıwshı kárxanalar**

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha sıyırlardıń bas sanı, *bas***



## Qoy hám eshkiler

**Sanı, *mıń bas***




**Ósim páti % te**




***Bas sanınıń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi, % te***




2022-jıldıń 1-iyul jaǵdayına, barlıq túrdegi xojalıqlarda qoy hám eshkilerdiń ulıwma bas sanı 1193,2 mıń basqa jetti. Qoy hám eshkilerdiń bas sanı 2021- jıldıń 1-iyulına salıstırǵanda 29,7 mıń basqa (2,6 % ke) kóbeydi. Qoy hám eshkiler bas sanınıń 84,8 % i diyxan (jeke járdemshi) xojalıqlarına tuwrı keledi.

**Fermer xojalıqları** **Diyxan (jeke járemshi) xojalıqları** **Awıl xojalıǵı xızmetin ámelge asırıwshı kárxanalar**

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha qoy hám eshkilerdiń bas sanı, *bas***



## Atlar *(jılqılar)*

**Sanı,** ***bas***




**Ósim páti % te**




***Bas sanınıń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi % te***




2022 jıldıń 1 iyul jaǵdayına, barlıq turdegi xojalıqlarda atlardıń ulıwma sanı 27007 basqa jetti. Atlar bas sanı 2021 jıldıń 1 iyulına salıstırǵanda 559 basqa (2,1 % ke) kóbeydi. Atlar bas sanınıń 71,5 % ti diyxan (jeke járdemshi) xojalıqlarına tuwrı keledi.

**Fermer xojalıqları** **Diyxan (jeke járdemshi) xojalıqları** **Awıl xojalıǵı xızmetin ámelge asırıwshı kárxanalar**

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha jılqılar bas sanı,** ***bas***



## Quslar (*Tawıqlar*)

**Sanı, *mıń bas***




**Ósim páti % te**




***Bas sanınıń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi, % te***




2022 jıldıń 1 iyul jaǵdayına, barlıq turdegi xojalıqlarda quslardıń ulıwma bas sanı 4866,9 mıń basqa jetti. Quslardıń bas sanı 2021 jıldıń 1 iyulına salıstırǵanda 163,1 mıń basqa (3,5 % ke) kóbeydi. Quslardıń bas sanınıń 84,9 % i diyxan (jeke járdemshi) xojalıqlarına tuwrı keledi.

### Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha quslardıń bas sanı, *bas*

